Lòt bagay ou kapab fè pou kenbe tibebe ou pwoteje:

- Bay tibebe ou yon tetin lè l ap kabicha ak lè l ap dòmi lannwit pandan premye ane lavi li. Pou bay tibebe yo tete, bay yo tetin nan apre yon mwa pou ede ou bay yo tete san pwoblèm.
- Asire okenn moun pa fimen nan kay la oswa toupre tibebe a.
- Evite pwodui ki fè konnen yo kenbe tibebe a nan yon pozisyon ki "pwoteje"—yo pa t teste pifò nan pwodui sa yo pou sekirite; kèk ladan yo kapab ogmante risk pou domaj.
- Bay tibebe a "tan sou vant" li lè li reveye. Sa ap ede devlope miskilati tibebe a, epitou sa ap redui chans pou gen zòn plat nan tèt li.
- Divilge enfòmasyon sa yo sou "Dòmi an Sekirite" ba tout moun k ap pran swen tibebe a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kenbe tibebe ou pi an sekirite, kontakte:

Eta New York
Office of Children & Family Services
(Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi)
800-345-KIDS (5437)
ocfs.ny.gov

Eta New York
Depatman Sante (Department of Health)
health.ny.gov

Liy Dirèk Growing Up Healthy
800-522-5006

Liy pou jwenn Enfòmasyon nan Sant Resous Enfòmasyon Prevantif (Preventive Information Resource Center Information Line, PIRC) ak Liy Èd pou Paran
800-CHILDREN (244-5373)

Eta New York
Lanmò Tibebe ak Timoun Toudenkou
Sant Resous
800-336-7437

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

ocfs.ny.gov

"...k ap ankouraje sekirite, pèmanans, ak sante jeneral timoun yo, fanmi yo ak kominote yo"...

Pub. 5002-HC (Rev. 7/2015) HAITIAN CREOLE

Fason pou Kenbe Tibebe K ap Dòmi an Plis Sekirite

Office of Children and Family Services
NEW YORK STATE

Yon tibebe bezwen ou lè li reveye ak lè li pare pou dòmi.

Fason pou Kenbe Tibebe K ap Dòmi an Plis Sekirite

Lè ou se yon moun k ap pran swen yon tibebe, ou konnen li enpòtan pou kenbe tibebe ou an sekirite. Tibebe ou bezwen ou lè li reveye ak lè li pare pou dòmi.

Chak ane nan Eta New York, kèk tibebe mouri lè y ap dòmi nan kote ki pa pwoteje. Ou kapab diminye danje sa a si ou fè kèk etap senp chak fwa ou mete tibebe ou kouche pou dòmi.

Toudabò, ou ta dwe reflechi sou fason pou mete bèso tibebe a nan chanm ou toupre kabann ou. Si ou dòmi toupre tibebe ou sa ap fè li pi fasil pou pran swen li, epitou sa kapab fè ou pi alèz pou bay tibebe a tete.



Tibebe yo pi pwoteje lè yo dòmi:

- So do yo
- Poukont yo nan yon bèso yo apwouve pou sekirite, lamèl yo ta dwe mezire 2 ⅜ pous apa oswa mwens.
- Sou yon matla solid avèk yon dra ki byen ajiste
- San okenn atik mou (tankou zòrye, kouvreli epè, arebò bèso, oswa nounous)
- Avèk rad lejè pou li dòmi nan yon chanm ki gen yon tanperati alèz pou yon adilt ki abiye avèk rad lejè

Tibebe yo pa pwoteje lè yo dòmi:

- Sou vant yo oswa sou kote
- Sou yon zòrye, matla dlo, matla lè, fotèy pwa, oswa nenpòt lòt sifas mou
- Sou yon chèz oswa dodin ki gen kousen, oswa sou yon kanape (tèt yon tibebe kapab kwense)
- Avèk kouvreli (olye sa, itilize rad lejè pou dòmi, tankou yon rad pou dòmi ki gen yon sèl pyès)
- Avèk yon lòt tibebe oswa timoun
- Avèk yon adilt:
  - ki twò fatige
  - k ap pran medikaman ki kapab lakòz li dòmi
  - ki t ap bwè alkòl oswa ki t ap itilize dwòg
  - ki twòp gwo nèt

Sitiyasyon sa yo kapab danjere pou yon tibebe. Tibebe a kapab sifoke, oswa li kapab twò cho, oswa li kapab frape yon jan grav. woule epi